

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuhna manusa di dunia teu leupas tina basa. Ku kituna, basa kacida pentingna pikeun mertahankeun lumangsungna hirup manusa. Salah sahiji fungsi basa nu utama nya éta pikeun alat komunikasi atawa interaksi. Komunikasi mangrupa alat tutukeuran informasi di antara individu. Unsur nu kudu aya dina komunikasi nya éta pihak anu ngalakukeun informasi (panyatur jeung pamiarsa), informasi anu ditepikeun, jeung alat anu digunakeun dina komunikasi. Informasi anu ditepikeun bisa mangrupa konsép, kahayang, pikiran, ide, jeung gagasan séjénna. Cara pikeun ngébréhkeun konsép, kahayang, pikiran, ide, jeung gagasan bisa ngaliwatan cara lisan jeung tinulis. Cara lisan nya éta nepikeun gagasana sacara langsung ngaliwatan prosés omongan antara panyatur jeung pangregep, ari cara tinulis mah cara nepikeunana teu langsung ngaliwatan média tinulis saperti majalah.

Basa ogé mangrupa sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas alat ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistemis) tur ragam (konvénsional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2003:3). Minangka hiji sistem, basa miboga sifat sistematis jeung sistemis. Sistematis nya éta basa téh disusun sacara éntép seureuh, ari sistemis mah basa téh lain sistem nu tunggal tapi dipasing-pasing deui jadi subsistem, utamana fonologi, morfologi, jeung sintaksis anu nyusun sacara hierarki.

Basa Sunda salaku basa indung pikeun masarakat di Jawa Barat. Ku kituna, pikeun mekarkeun jeung miara basa Sunda, basa Sunda diajarkeun ngaliwatan atikan-atikan formal di sakola-sakola nu aya di Jawa Barat. Hal ieu luyu jeung Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat No 5 taun 2003 ngeunaan Pemeliharaan Basa, Sastra, jeung Aksara Sunda pikeun diajarkeun di pendidikan dasar di Jawa Barat. Pangajaran basa Sunda di sakola diwangun ku adegan basa, sastra, jeung kaparigelan makéna basa Sunda. Bahan ajar (*matéri pokok*) basa jeung sastra Sunda ngawengku widang pangaweruh basa, pangaweruh aprésiasi jeung éksprési sastra, sarta kaparigelan basa. Widang pangaweruh basa ngawengku adegan sora (fonologi), adegan kecap (morfologi), adegan kalimah (sintaksis), jeung kandaga kecap. Dina katatabasaan pangaweruh basa ngeunaan adegan kecap dipaluruh dina élmu morfologi. Kecap mangrupa objék nu ditalungtik dina élmu morfologi. Widang pangajaran tata basa nu ngawengku morfologi ieu kaitung legana. Salah sahiji widang tata basa anu aya dina élmu morfologi nya éta kecap.

Kecap mangrupa wangun basa bébas pangleutikna nu miboga harti. Prosés ngawanguna kecap ku cara ngagabungkeun morfém nu hiji jeung morfém nu lianna sarta miboga fungsi gramatikal jeung semantis sok disebut prosés morfologis. Prosés morfologis dina basa Sunda nurutkeun Sudaryat (1991:41) aya tilu rupa nya éta: (1) prosés ngararangénan (afiksasi), (2) prosés ngarajék (réduplikasi), jeung (3) prosés ngantétkeun (komposisi). Dumasar kana sipat, fungsi, katut paripolah formalna dina kalimah, kecap basa Sunda dibagi jadi dua

nya éta (1) kecap lulugu, jeung (2) kecap pancen. Kecap lulugu dibagi jadi opat nya éta (1) kecap barang, (2) kecap pagawéan, (3) kecap sipat, jeung (4) kecap bilangan. Wangun kecap sipat nya éta rupa-rupa kecap anu nuduhkeun sipat atawa kaayaan barang katut gagantina. Wangun kecap sipat disawang tina morfém anu jadi unsur pangwangunna dibagi jadi dua rupa nya éta (1) kecap sipat salancar jeung (2) kecap sipat jembar.

Dina ieu panalungtikan bakal di déskripsikeun adegan kecap sipat jembar dina salah sahiji majalah Sunda katut bahan pangajaranana di SMP. Kecap sipat jembar kabagi jadi tilu rupa nya éta kecap sipat rundayan, kecap sipat rajékan, jeung kecap sipat kantétan. Panalungtikan ngeunaan adegan kecap téh mémang geus kaitung réa, diantaranya "*Bahan Pangajaran Kecap Pangantét di SLTP*" (Amir, 1983), "*Kecap Panyambung Dina Novel Pipisahan karya RAF pikeun Bahan Pangajaran di SMA*" (Yayat sudaryat, 1986), "*Hubungan Antara Pangaweruh Warna Kecap jeung Kamampuh Nganalisis Warna Kalimah Siswa SMP YAS Bandung*" (Misna, 1992), "*Korélasi Pangaweruh Siswa SMU Ngeunaan Warna Kecap jeung Kamampuh Nganalisis Warna Kecap dina Karya Sastra Anyar*" (Iis Aisyah, 1996), "*Kecap Pancen dina Karangan Basa Sunda Siswa SLTP*" (Arip Budiman, 1998), "*Kecap Rajékan Basa Sunda dina Kumpulan Dongéng Kuda Hadé Budi*" (Mahbub, 2004), "*Kecap Kantétan dina Novel Laleur Bodas Karangan Samsu pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP*" (Suryani, 2004), jeung "*Kecap Rundayan dina Undang-Undang Dasar 1945 Tarjamahan Basa Sunda*" (Anwar Sanusi, 2004). Dina éta panalungtikan ngan dipedar perkara kecap basa Sunda katut pengajaranana. Panalungtikan nu patali

jeung kecap sipat kungsi dilaksanakeun ku A. Marzuki (1978) nu judulna “*Struktur Kata Keadaan*”. Jeung Abud Prawirasumantri (1985) nu judulna “*Kata Sipat dan Kata Bilangan Bahasa Sunda*”. Panalungtikan kecap sipat jembar nu dianalisis tina majalah sarta diajengkeun pikeun bahan pangajaran mah can aya. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Adegan Kecap Sipat Jembar dina Majalah *Manglé* pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan téh ngagarap salah sahiji widang morfologi, nya éta kecap sipat. Ku sabab ambahanana lega teuing ieu panalungtikan téh diwatesanan kana adegan kecap sipat jembar, anu disawang tina jihat wangun (rupa), adegan (formulasi), tata harti (ma'na), jeung bahan pangajaranana nu aya dina majalah *Manglé* edisi Juli dugi ka Désémber 2008.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, aya sababaraha masalah anu baris dirumuskeun, éta rumusan masalah téh bisa ditepikeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Wangun kecap sipat jembar naon waé anu kapanggih dina majalah *Manglé* édisi Juli dugi ka Désémber 2008?
- b. Kumaha adegan kecap sipat jembar nu aya dina éta majalah?
- c. Naon harti kecap sipat jembar nu aya dina éta majalah?

- d. Kumaha adegan kecap sipat jembar nu aya dina éta majalah lamun dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun kecap sipat jembar dina majalah *Manglé* pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP. Ari déskripsina ngawengku.

- a. Rupa atawa wangun kecap sipat jembar nu kapanggih dina majalah *Manglé*;
- b. Adegan kecap sipat jembar dina majalah *Manglé*;
- c. Kecap sipat jembar dumasar harti;
- d. Adegan kecap sipat jembar dina majalah *Manglé* pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan nyoko kana mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

- a. Mangpaat tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) bisa méré mangpaat pikeun nangtukeun kecap sipat jembar nu kapanggih dina majalah *Manglé*;
- 2) pikeun mekarkeun élmu pangaweruh sarta méré informasi ngeunaan kecap sipat jembar.

b. Mangpaat praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) bisa dijadikeun sumber bahan pangajaran ngeunaan kecap sipat jembar;
- 2) bisa ngabeungharan pangaweruh sarta méré conto-conto ngeunaan kecap sipat jembar.

1.5 Anggapan Dasar jeung Raraga Tiori

1.5.1 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salah sahiji bebeneran téori atawa pamadegan nu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan anu geus henteu kudu dipasualkeun deui bener atawa salahna dina prinsipna bisa ditarima ku sakumna jalma kalawan teu perlu diuji deui (Suyatna, 2002:7).

Ieu panalungtikan mibanda tilu anggapan dasar, nya éta:

- a. Kecap sipat jembar kaasup unsur basa anu bisa kapanggih dina média tinulis saperti majalah *Manglé*;
- b. Kecap sipat jembar miboga adegan jeung harti nu tangtu;
- c. Kecap sipat jembar bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

1.5.2 Raraga Tiori

Tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta tiori-tiori ngeunaan kecap (morfologi), tiori ngeunaan harti (semantis) sarta tiori pangajaran.

Tiori anu digunakeun ngeunaan kecap, nu dipaké nya éta *Pedaran Basa Sunda*

(Sudaryat, 1985), *Morfologi Basa Sunda* (Iyos Rosmana, 2003), *Tata Basa Sunda Kiwari* (Sudaryat, spk, 2007). Tiori anu dipaké dina nalungtik harti (ma'na), nu di paké nya éta *Ulikan Semantik Sunda* (Sudaryat, 2003). Ari tiori anu dipaké dina nalungtik bahan pangajaran, nu dipaké nya éta *Bahasa dan Sastra Dalam Gamitan Pendidikan* (Yus Rusyana, 1984), *Dasar-dasar Prosés Belajar Mengajar* (Nana Sudjana, 1989), jeung *Modél Pangajaran Kompetensi Basa Sunda* (Sudaryat 2004).

1.6 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan perlu dipedar sababaraha istilah nu aya patalina jeung judul panalungtikan, di antarana baé:

- a) Adegan nya éta wangun anu disawang tina susunan katut babagianana;
- b) Kecap sipat jembar nya éta kecap sipat anu geus diwangun ku cara dirarangkénan, dirajék, jeung dikantétkeun anu hasilna mangrupa kecap sipat rundayan, kecap sipat rajékan, jeung kecap sipat kantétan;
- c) Bahan pangajaran nya éta matéri atawa bahan anu ditepikeun dina pangajaran atawa kagiatan diajar ngajar ti guru ka murid.

Dumasar kana wangénan operasional di luhur anu dimaksud “Adegan Kecap Sipat Jembar dina Majalah *Manglé* pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” nya éta hiji panalungtikan basa anu médar adegan kecap sipat jembar katut bahan pangajaran basa Sunda pikeun murid SMP anu aya dina majalah *Manglé* dumasar kana wangun, adegan, jeung harti.

1.7 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.7.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Ari nu jadi sabab digunakeunana ieu méthode téh lantaran data anu kapanggih dikumpulkeun, dipasing-pasing, dianalisis, jeung ditafsirkeun. Unsur-unsur anu didésripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta wangun kecap sipat jembar, adegan, tata harti (ma'na), jeung bahan pangajaranana.

1.7.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun téhnik ulikan pustaka jeung analisis téks. Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun tatapakan tiori nu aya patalina jeung anu keur ditalungtik. Téhnik analisis téks digunakeun pikeun nganalisis ngeunaan gambaran kecap sipat jembar nu aya dina majalah *Manglé*.

1.8 Populasi jeung Sampel

1.8.1 Populasi

Populasi nya éta sakumpulan atawa kelompok anu leuwih gedé nu mangrupa sasaran dasar atawa sasaran utama. Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kecap sipat jembar nu aya dina majalah *Manglé*.

1.8.2 Sampel

Sampel nya éta objék anu aya dina populasi. Dina nangtukeun sampel perlu diperhatikeun masalah, tujuan, hipotésis jeung instrumén. Lian ti éta perlu

ogé diperhatikeun ngeunaan waktu, tanaga, jeung waragad. Lantaran populasi anu sakitu legana tur kawatesanan ku waktu, tanaga, jeung waragad dina ieu panalungtikan sampel anu dipaké téh sampel purposif. Sampel nu dipaké nya éta rubrik *Nyusur Galur Mapay Laratan, Sungkeman*, jeung *Tamu* édisi Juli dugi ka Désémber 2008. Rubrik anu disebutkeun bieu dicokot lantaran nyaritakeun kahirupan pahlawan atawa jalma anu penting. Ku kituna, bisa dipaké pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

